


TRAVÉSE LARI A NAN FASON SA A

KAYE EGZÈSIS ELÈV



CHÈ PARAN OSWA MOUN K AP PRAN SWEN TIMOUN,

Chak jou plis pase yon milyon timoun vwayaje pou fè ale-vini nan lekòl leta Vil New York yo—ak nan bibliyotèk yo, pwogram apre lekòl, aktivite espò ak aktivite boza tou—elatriye! *Nou devlope Cross This Way* pou ede timoun k ap grandi (elèv Klas 4-yèm-6-yèm ane) pwoteje tèt yo nan anviwònman sikilasyon machin.

Minisipalite Vil New York ap travay di anba Vision Zero pou abòde kòz prensipal chòk grav ak lanmò: chwa danjere chofè yo. Sa a se kòz oswa yon faktè prensipal nan **70 pousan** kolizyon yo. Ou pa kapab prevwa sa chofè yo pral fè, men kèk mezi prevansyon senp kapab ede pwoteje timoun ou yo. Jodi a, yo revize sitiyasyon ki pi komen yo kote timoun yo ap pran chòk nan Vil New York:

- ✓ Machin k ap vire nan kal fou yo
- ✓ Kwazman blòk mitan
- ✓ Kwazman nan kal fou ki gen pano arè

Nou envite yo pou yo gade lari a toutotou kay yo pou yo wè moun k ap fè sa ki bon. Tanpri pran tan pou fè sa avèk yo pou ede yo kenbe abitud pwoteksyon sa yo.

Finalman, nou envite elèv yo pou yo patisipe nan fè lari a vin gen plis sekirite. Jan *Cross This Way* di a, “tout moun ki nan lari a merite jwenn respè.” Nou envite ou pou patisipe nan yon dyalòg san rete konsènan Vision Zero. Ale sou sitwèb [nyc.gov/visionzero](https://www.nyc.gov/visionzero) pou jwenn plis enfòmasyon ak evènman kote ou kapab fè konnen enkyetid ou yo, sitou nan zòn kote lekòl pitit ou ye.


Ekip Edikasyon Vision Zero
New York City Department of Transportation
The New York City Department of Education



SÈN 1 Kijan ou travèse lari a lè gen yon siyal?



Kisa ou ta dwe fè pou pwoteje tèt ou? Make foto a avèk X ak flèch. Pa egzanp, make yon X kote pyeton an ta dwe kanpe anvan li travèse.



Kisa ki pa t bon?
Èske ou kapab fè li byen?

TCHEKE!

Bay kèk ti konsèy pou travèse lari a san pwoblèm.

- _____
- _____
- _____
- _____
- _____

SÈN 2 Kijan ou travèse blòk mitan an?



Kijan ou asire lari a vid?
Make foto a avèk X ak flèch tankou nan videyo a.



Kisa ou ta fè yon fason ki diferan?

TCHEKE!

Bay kèk ti konsèy pou travèse lari a san pwoblèm.

- _____
- _____
- _____
- _____
- _____

SÈN 3

Kijan ou travèse nan yon pano arè?



Kijan ou asire chofè yo wè ou?
Make foto a avèk X ak flèch tankou nan videyo a.



Kijan ou tcheke lari a?

TCHEKE!

Bay kèk ti konsèy pou travèse lari a san pwoblèm.

- _____
- _____
- _____
- _____
- _____



Pawòl yo

Tout moun ki nan lari a merite jwenn respè
Poutèt sa anvan ou itilize lari a ou dwe tcheke, tcheke
Tout moun ki nan lari a merite jwenn respè
Poutèt sa anvan ou itilize lari a ou dwe tcheke, tcheke

Everybody on the street deserves respect
So before you use the street you gotta check, check
Everybody on the street deserves respect
So before you use the street you gotta check, check

Mete telefòn ou ak jwèt ou sou kote
Chèche vwati k ap vire nan direksyon ou (tcheke)
Louvri zòrèy ou, koute son yo
Nan lari a kontinye gade bòkote ou

Put your phones and games away
Look for cars that are turning your way (check)
Open your ears, listen to those sounds
In the street keep looking around

Anvan ou mache nan mitan vwati yo
Èske ou te gade adwat ak agoch?
Fè chofè a konnen ou la
Travèse sèlman lè lari a vid

Before you walk through the cars
Did you look right and left?
Let the driver know you're there
Only cross when the street's clear

Kanpe arebò twotwa yo anvan ou pran lari a
Asire zye chofè a ak zye ou rankontre
Si ou pa byen sèten senpleman fè yon siy avèk men ou
Mete rad ki gen koulè fonsè tout lajounen

Stop at the curb before you hit those streets
Make sure the driver's and your eyes meet
If you not sure just give a wave
Wear bright clothes all through the day

Tout moun ki nan lari a merite jwenn respè
Poutèt sa anvan ou itilize lari a ou dwe tcheke, tcheke
Tout moun ki nan lari a merite jwenn respè
Poutèt sa anvan ou itilize lari a ou dwe tcheke, tcheke

Everybody on the street deserves respect
So before you use the street you gotta check, check
Everybody on the street deserves respect
So before you use the street you gotta check, check



KISA KI TE FÈT BYEN?

Ou konnen “anvan ou itilize lari a, ou dwe tcheke.” Èske lòt moun yo konnen sa? Pandan yon semèn, swiv bagay lòt moun fè ki BYEN lè y ap travèse lari a. Swiv tèt ou tou.

- Koche kaz la pou chak jou ou te wè yon moun ki te fè yon bagay ki byen.
- Ajoute yon lòt tchèk pou chak jou ou te travèse lari a san pwoblèm.

MWEN / LÒT MOUN YO	DIMANCH	LENDI	MADI	MÈKREDI	JEDI	VANDREDI	SAMDI
<p>Mwen te kanpe arebò twotwa a epi mwen te gade anvan mwen travèse lari a</p>							
<p>LOOK!</p> <p>Mwen te asire lari a pa t gen machin ladan anvan mwen te travèse</p>							
<p>Mwen te chèche vwati k ap vire yo</p>							
<p>Mwen te mete telefòn ak lòt distraksyon sou kote</p>							
<p>Mwen te fè kontak nan zye avèk chofè yo</p>							
<p>Mwen te mete yon kask lè mwen t ap monte yon bisiklèt, eskoutè oswa paten</p>							
<p>Mwen te vizib epi chofè yo te wè mwen</p>							



TOUT MOUN KI NAN LARI A MERITE JWENN RESPÉ

